

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



NAMA :

NOMOR ABSEN :

ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL

MADRASAH IBTIDAIYAH HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran : B. JAWA	Hari /tanggal :
Kelas : V	Waktu :

I. Berilah tanda silang (X) pada huruf a, b, c atau d pada lembar jawaban yang benar!

- Teks wacan kang ngandharake kadadeyan kanthi urutan (kronologis) yaiku ...
 - Dheskripsi
 - Narasi
 - argumentasi
 - persuasi
- Ing ngisor iki sing klebu titikane karangan narasi yaiku ...
 - Ngandharake kadadeyan sacara kronologis
 - Njlentrehake objek kanthi cetha
 - Kanggo mbujuk utawa ngajak-ajak sing maca
 - Njlentrehake carane gawe barang
- Teks narasi ngemot kadadeyan tartamtu kang ditulis adhedhasar urutan ...
 - Kahanan
 - Wektu
 - paraga
 - papan
- Bagean teks narasi sing isine ngemot prakara-prakara kang ana ing sajroning crito diarani ...
 - Orientasi
 - Komplikasi
 - resolusi
 - koda
- Prakara sajrone teks narasi diandharake sajrone perangan ...
 - Komplikasi
 - Resolusi
 - koda
 - orientasi
- Ing ngisor iki titikan kang mligi saka wacan dheskripsi yaiku ...
 - Nggatekake urutan wektu
 - Nggunakake pancadriya
 - Linambaran alesan kang mathuk
 - Ngajak pamaca supaya nglakoni apa sing diandharake
- Wacan kang isine nggambarake sawijining objek yaiku ...
 - Narasi
 - Persuasi
 - dheskripsi
 - eksposisi
- Ing ngisor iki ora klebu jnis wacan dheskripsi yaiku ...
 - Dheskripsi campuran
 - Dheskripsi subjektif
 - dheskripsi spasial
 - dheskripsi objektif
- Ukara ing ngisor iki sing klebu bagean idhentifikasi yaiku ...

- A. Tlaga sarangan yaiku tlaga alami sing manggon ana ing sikile gunung lawu, kecamatan plaosan, kabupaten magetan, provinsi jawa timur
- B. Gunung bromo kinupengan segara wedhi kang jembare kurang luwih 10 km persegi
- C. Pesisir sendang biru minangka obyek wisata sing endah lan bisa narik kawigaten marang sapa wae sing teka menyang sendang biru
- D. Objk wisata pesisir pulo merah pancen nengsemake. Akeh papan sing bisa kanggo seneng-seneng
10. Perangane kang kudu digatekake nalika nyritakake maneh teks narasi kajaba ...
- A. Wirupa
B. Wirama
C. wicara
D. wirasa
11. Informasi babagan kadadeyan utawa prastawa kang diandharake kanthi nyata lan actual yaiku ...
- A. Dheskripsi
B. Pawarta
C. narasi
D. argumentasi
12. Perangan usur sajrone pawarta yaiku ...
- A. 1 W + 5 H
B. 5 W + 1 H
C. 6 W + 2 H
D. 2 W + 6 H
13. Pawarta kang diwartakake iku becik pawarta kang actual. Actual tegese ...
- A. Isih anyar
B. Penting
C. cekak aos
D. jangkep
14. Pawarta iku nduweni titikan factual. Factual tegese ...
- A. Pawarta kasebut isih anyar
B. Pawarta kang diwartakake kasebut wigati utawa penting lan narik kawigaten wong akeh
C. Migunakake basa kang gampang dimangerteni
D. Adhedhasar fakta
15. Ing ngisor iki titikane basa sajrone pawarta kajaba ...
- A. Narik kawigaten
B. Cekak
C. dawa
D. cetha
16. Pawarta kang diandharake dening pawongan pribadi kang ngalami prastawa klebu jinis pawarta ...
- A. Fakta
B. Opini
C. campuran
D. crita
17. Ing ngisor iki jinis pawarta adhedhasar wilayah kajaba ...
- A. Local
B. Regional
C. kulawarga
D. nasional
18. Ariwarti yaiku ...
- A. Warta kang diterbitake saben dina
B. Warta kang diterbitake kala-kala utawa ora saben dina
C. Wong kang pagaweyane golek lan nulis warta
D. Informasi ngenani sawiining prastawa kang dumadi

19. Narasumber yaiku ...

- A. Warta kang diterbitake saben dina
- B. Warta kang diterbitake kala-kala
- C. Wong kang dadi punjering pitakon sajroné wawancara
- D. Golek informasi marang wong kang dianggep ngerti

20. Kanggo nggampangake anggoné nulis pawarta awake dhewe kudu gawe ...

- A. Alur
- B. Gagasan pokok
- C. tema
- D. cengkorongan

21. Tujuwane wong nulis teks dheskripsi yaiku ...

- A. Ora nduweni tujuan kang cetha
- B. Pamaca ora ngrasakake ora nyawang, lan ora ngalami dhewe
- C. Ngandharake samubarang kanthi njlimet, saengga sing maca kaya-kaya ngamati, ngrasakake, ndeleng, ngrungokake, utawa nglami dhewe
- D. Nuduhake wujud, warna kang ora cetha

22. Jinis wacan dheskripsi kang nggambarake samubarang kayata ruang, panggonan, lan sapanunggalane iku diarani ...

- A. Dheskripsi subjektif
- B. Dheskripsi objektif
- C. dheskripsi spasial
- D. dheskripsi naratif

23. Arus lalu lintas ing dalan A.Yani ngalami kemacetan.

Unsur pawarta sing ana ing ukara kasebut yaiku ...

- A. Sapa
- B. Kapan
- C. ana ngendi
- D. kena ngapa

24. Pakdhe bali saka Semarang numpak bis.

Ukara ing nduwur yen diowahi nganggo ragam krama alus yaiku ...

- A. Pakdhe kondur saking Semarang nitih bis
- B. Pakdhe kondur dhateng Semarang nitih bis
- C. Pakdhe wangsul menyang Semarang numpak bis
- D. Pakdhe tindak dhateng Semarang nitih bis

25. Kang ora mujudake gunane ragam krama alus yaiku ...

- A. Guneman karo kanca kang wis rumaket
- B. Guneman wong tuwa marang wong enom kang jabatane luwih dhuwur
- C. Guneman wong kang jabatane endhek marang wong kang jabatane luwih dhuwur
- D. Guneman ing antara wong enom marang wong tuwa

26. Perangane pawarta kang nggambarake ringkesan isi pawarta, lumrahe ditulis kandel ing sangisore sesirah yaiku ...

- A. Sumber
- B. Isi pawarta
- C. angle
- D. sesirah

27. Salah sawijine unsur teks pawarta sing ngrembug babagan apa sing punjering pawarta yaiku ...

- A. What
- B. Where
- C. when
- D. why

28. Wawancara uga disebut ...

- A. Wawanrembug
- B. Wawansabda
- C. panaliten
- D. pengamatan

29. Sadurunge nulis pawarta becike gawe ... luwih dhisik

- A. Urut-urutan
- B. Gambaran
- C. orek-orekan
- D. cengkorongan

30. Pawarta kang cakupane wlayah kabupaten utawa kutha diarani pawarta ...

- A. Internasional
- B. Lokal
- C. nasional
- D. regional

31. Nalika anggone medharake isine karangan kudu nggatekake ...

- A. Wacan narasi
- B. Basa karangan
- C. unsur intrinsik
- D. gagasan pokok

32. Banjir bandang ing bandung

Ukara ing dhuwur kalebu jinising irah-irahan saka pawarta ...

- A. Pawarta cepet
- B. Pawarta dadakan
- C. pawarta ndinan
- D. pawarta crita

33. Laporan saka kedadeyan kang didhasarake saka pangamatan lan sumber tulisan, ngutamakake rasa penasaran pamaca disebut ...

- A. Pawarta ndinan
- B. Pawarta bab cerita
- C. pawarta langsung
- D. reportase

34. Cerita kang ngrembaka ana ing satengahing masarakat diarani ...

- A. Crita cekak
- B. Crita sage
- C. crita legendha
- D. crita rakyat

35. Titikane crita rakyat yaiku ...

- A. Khayal
- B. Ilmiah
- C. nyata
- D. mesthi bener

36. Gethok tular tegese ...

- A. Disebarake kanthi cara lesan
- B. Disebarake saka wong adol gethuk
- C. Nular saka mancanagara
- D. Pungkasan crita ditutup kanthi nggethok tangan

37. Crita rakyat diduweni dening kabeh masarakat. Sipat kasebut diarani ...

- A. Statis
- B. Kolektif
- C. fiktif
- D. anonim

38. Crita kang ana gayutane karo dumadine sawijining panggonan diarani ...

- A. Sage
- B. Mite
- C. fabel
- D. legendha

39. Bab kapisan kang kudu ditindakake kanggo ngringkes crita yaiku ...

- A. Mangerteni isi crita
- B. Nulis amanat
- C. ngandharake paraga
- D. nulis pokok isi

40. Nuju sawijining dina Raden Said ditundhung ramane lunga saka kadipaten jalaran nindakake kaluputan.
Tembung ditundhung padha tegese karo ...
A. Dibopong lunga saka omah
B. Digendhong lunga saka omah
C. Diandelake saka omah
D. Dikongkon lunga saka omah
41. Andharan kanggo njlentrehake papan panggonan, wektu, lan kahanan diarani ...
A. Tema
B. Latar
C. alur
D. paraga
42. Rerangkening urutan prastawa sajrone crita diarani ...
A. Tema
B. Latar
C. anonim
D. alur
43. Ing ngisor iki sing ora klebu unsur intrinsic crita rakyat yaiku ...
A. Kolektif
B. Latar
C. tema
D. paraga
44. Nalika nyritakake maneh babagan wose dheskripsi, swarane kudu ...
A. Sora
B. Membat mentul
C. lirih
D. anut laras
45. Simbah ... saking peken
Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku ...
A. Mulih
B. Lunga
C. kondur
D. mangkat
46. Irah-irahan ing ngisor iki klebu crita rakyat, kajaba ...
A. Kebo lan baya
B. Dumadine kutha wonogiri
C. macan Sumatra
D. jaka kendhil
47. Unsur instrinsik sajrone crita rakyat kang ngandharake babagan papan wektu, lan kahanan sajrone crita, yaiku ...
A. Alur
B. Paraga
C. latar
D. amanat
48. Jaka tarub, rangga gadhing, lan lutung kasarung klebu jinis crita ...
A. Fabel
B. Legendha
C. mite
D. Sage
49. Pitutur luhur kang bisa kapethik saka crita sing diwaca utawa dirungu diarani ...
A. Amanat
B. Latar
C. alur
D. tema
50. Basa kang digunakake marang sapadha-padha utawa kanca kang rumaket kalebu gunane ragam ...
A. Ngoko lugu
B. Ngoko alus
C. krama lugu
D. krama inggil